

Avètisman sou Vyòl Enfòmasyon Prive

Pwogram Arbor E&T, LLC's ("Arbor") Back to Work ("BTW") ki nan 116 John Street, NYC te viktim yon vyòl enfòmasyon prive patisipan li yo jou ki te 30 oktòb 2009 lan. Pou pale pi klè, yo te vòlè nimewo sekirite sosyal patisipan yo nan biwo Arbor. Dosye nou montre ke ou se youn nan moun ke vòl sa a touche. Arbor fè rapò vòl sa a bay Depatman Polis Nouyòk, Katye #1, nimewo rapò polis lan se 7016.

Malgre Arbor pa kwè ke vòlè an te itilize enfòmasyon yo, Konpayi an ankouraje ou fè rapò sou vòl enfòmasyon prive ou an bay (3) ajans rapò kredi sa yo:

Equifax	(800/525-6285)
TransUnion	(800/680-7289)
Experian	(888/397-3742)

Lè ou rele ajans kredi sa yo, tanpri mande pou yo mete yon "alam fwod" sou kont kredi ou yo. Lè ou mete yon alam fwod sou kont ou yo, ou kapab anpeche yon lòt moun vòlè ak itilize idantite ou pou pwòp avantaj yo. Yo pap chaje ou pou ou mete yon alam fwod sou kont ou yo, alam nan ap dire katrevendis (90) jou men ou kapab renouvle li lè peryòd 90 jou an fini.

Arbor te envestige sitiyasyon an ak fè demach pou rasire ke moun pa pèdi enfòmasyon prive yo la konsa ankò. Epitou Arbor te re-fòme tout anplwaye li yo sou nesite pou pwoteje enfòmasyon prive ak regleman sekirite ak pwosedi Konpayi an. Epitou Arbor ap aplike yon metòd ki itilize nimewo idantifikasyon spesifik pa dosye pou tout patisipan li yo pou li pa itilize tout oubyen yon pati nan nimewo sekirite sosyal yo ankò.

Si ou genyen nenpòt kesyon sou sitiyasyon sa a, tanpri kontakte Arbor, apèl gratis, nan 1-877/280-6833 epi mande pou ou pale ak yon manm Ekip Ed Arbor an, ki pral reponn nenpòt kesyon ou ta genyen. An plis ou kapab kontakte Ekip Ed Arbor an pa imèl sou moreinfo@arboret.com pou voye kesyon ou yo elektwonikman.